# СТРУКТУРА СЦЕНАРНОГО ПЛАНА

## 1. ИНФОРМАЦИЯ О РАЗРАБОТЧИКЕ СЦЕНАРНОГО ПЛАНА

| | |
|---|---|
| **ФИО разработчика** (введите свои ФИО): | Чадаева Лайла Дукушевна |
| **Место работы / регалии разработчика** (введите свои место работы и/или регалии): | МБОУ «СОШ п. Долинский Грозненского муниципального района», заслуженный учитель ЧР |
| **Дата** (введите дату заполнения разработчиком данного описания): | 16.04.2024 |

## 2. ОБЩАЯ ИНФОРМАЦИЯ ПО УРОКУ

| | |
|---|---|
| **Предмет** (укажите название учебного предмета): | Чеченский язык |
| **Класс** (укажите класс, к которому относится урок): | 6 |
| **Номер урока** (укажите номер урока согласно УТК) | 88 |
| **Тема урока**: | Хандешан йогІу хан а, цуьнан кепаш а. ЙогІучу хенан кепаш кхоллар. |

| | |
|---|---|
| **Уровень изучения** (укажите один или оба уровня изучения (базовый, углубленный), на которые рассчитан урок): | базовый |

| | |
|---|---|
| **Тип урока** (укажите тип урока): | ☐ **урок освоения новых знаний и умений**<br>☐ урок-закрепление<br>☐ урок-повторение<br>☐ урок систематизации знаний и умений<br>☐ урок развивающего контроля<br>☐ комбинированный урок ☐ другой (впишите) |
| **Адаптация для детей с ОВЗ** (выберите «да» или «нет» из списка. Для варианта «да» укажите дополнительно вид ОВЗ) | Выберите элемент **( Нет)**<br>Если адаптация для детей с ОВЗ присутствует, то укажите вид ОВЗ: ________________________________________ |
| **Планируемые результаты:** | |
| **Для учителя** | **Для ученика** |

| Личностные (по рабочей программе): | Ты научишься: |
|---|---|
| **Личностные (по рабочей программе):**<br><br>– нохчийн мотт, истори а, шен мехкан культура а йовза лаам гучубаккхар;<br><br>(проявление интереса к познанию чеченского языка, к истории и культуре своего края) | **Ты научишься:**<br><br>Iемар ду йогIучу хенан хандешан кепаш нийса кхолла а, йазйан а. |
| **Метапредметные (по рабочей программе):**<br><br>– дарийн алгоритм хIотто, дешаран хьесап кхочушдарехь цунах пайдаэца (составлять алгоритм действий и использовать его для решения учебных задач);<br><br>– диалогашкахь а, дискуссешкахь а, барта монологически къамелехь а, йозанан текстащкахь ша (шена хетарг) гайта; (выражать себя (свою точку зрения) в диалогах и дискуссиях, в устной монологической речи и в письменных текстах);<br><br>Добавить про цель | |
| **Предметные (по рабочей программе):**<br><br>- ЙогIучу хенан кепаш нийса кхолла а, йазйан а<br><br>(правильно образовывать и писать формы будущего времени) | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Учебник** (введите наименование образовательной программы / учебника, которым соответствует урок) | дописать | | | |
| **Ключевые слова** (введите через запятую список ключевых слов, характеризующих урок): | Хандош, карара хан, йахана хан, йогӀу хан, хин йолу хан, хила мега хан, кхо хан | | | |
| **Базовые понятия, единые для школьного образования** (укажите одно или несколько соответствующих понятий из предметной области - при их наличии.<br>Допишите понятия из Вашей предметной области): | ☐ хаам<br>☐ йукъаралла<br>☐ адам<br>☐ **мотт**<br>☐ **текст** | ☐<br>☐<br>☐<br>☐<br>☐<br>☐ | ☐<br>☐<br>☐<br>☐<br>☐<br>☐ | ☐<br>☐<br>☐<br>☐<br>☐<br>☐ |
| **Краткое описание** (введите аннотацию к уроку): | 6-чу классехь нохчийн меттан урок: «Хандешан йогӀу хан а, цуьнан кепаш а. ЙогӀучу хенан кепаш кхоллар».<br>Урокехь пайдаэца лерина:<br>ГӀуллакхдаран кепаш:<br>-диалог<br>- текстаца болх<br>-чекхдаккха жамӀ | | | |

| | |
|---|---|
| | -Іаматца болх<br><br>- коьрта тІедиллар<br><br>Талларан тайпанаш а, кепаш а: барта жоьпаш; диагностика;ша шен а, вовшийн а маххадор. |

3. БЛОЧНО-МОДУЛЬНОЕ ОПИСАНИЕ УРОКА[1]

| **БЛОК 1. Мотивационно-целевой этап. Вхождение в тему урока и создание условий для осознанного восприятия нового материала** | |
|---|---|
| **Модуль 1.1. Проблемная ситуация** | |
| **Рекомендации для учителя** | **Деятельность ученика** |
| - Мел сиха дІайоьду хан!  Хета, хІинца дара-кх, шу зезагаш карахь кечделла школе схьадогІуш. Амма дешаран шо чаккхене дахна, оханан бутт бу хьаьдда боьдуш.   Кху баттахь дуккха а мехала хиламаш бу. Бераш, хьан эр дара аш муьлха деза де хилла дІадаьлла кху  баттахь?  ХІунда ду иза деза? (Марха даьстина, Машаран де даздина) Ткъа Машаран де? –ХІунда аьлла цунах Машаран де?<br><br>-Нийса боху. Муьлхачу хенан ду даьстина, даздина хандешнаш? Ткъа кеп? ХІунда ду иза йаханчу хенан? (Йаханчу хенан, гуш йахана хан) | - Марха даьстина вай. Вай бусалба нах ду, цундела ду иза вайна деза. ТІом дІа а баьлла, маьрша дахар дІахІоьттина вайн махкахь.<br><br>-Йаханчу хенан, гуш йахана хан. Цо дар йа хилар къамел динчул тІаьхьа кхочушхилар гойту. |

| | |
|---|---|
| - Ткъа таханлера де дуй вайна мехала? ХIунда ду? Цкъа а хиллий вайн сцени тIехь урок? (Урок на сцене) ХIун до вай урокехь ? (болх бо, керланиг девза)<br><br>- Муьлхачу хенан ду болх бо, девза хандешнаш? ХIунда? (карарчу)<br><br>- Ойла йел, кхин цхьа а де дуй оханан баттахь вай тIе тидам бахийта дезаш? Маца ду и? ХIун хаьа шуна цу денца доьзна? ХIунда ду иза вайна мехала, деза? ХIун дийр ду аш цу дийнахь? (Даздийр ду, мероприятешкахь дакъалоцур ду,байташ йоьшур йу) Муьлхачу хенан ду даздийр ду, дакъалоцур ду, йоьшур йу хандешнаш? (йогIучу) ХIунда?<br><br>- Карарчу а, йаханчу а хенан хандешнех дIайаханчу урокашкахь дийцина вай. Йийцаза йисинарг муьлха йу?<br><br>- Нийса боху. ЙогIучу хенаца йоьзна йу вайн тема. Йуьззина нийса тема билгалйаккхархьама, вайн цхьа болх кхочушбийр бу. Иза аш шаьш кхочушбан беза.<br><br>- Йеша текст, схьалаха хандешнаш, дIайазде уьш таблици чу. Билгалйаккха церан хан. Цул тIаьхьа, карарчу хене дахий, дIайазде. Дагайоуьйтур вай хандешан хан билгалйаккхаран алгоритм. (Слайд 4)<br><br>-Хьалха хIун до вай? ТIаккха?<br><br>Пхи шо даьлча, йолчул хазлур йу Соьлжа-ГIала. Кхин а тодийр ду некъаш, хьалайийр йу керла гIишлош, садаIа | - Ду, тахана сцени тIехь йу вайн урок, цкъа а ца хилла.<br><br>-Карарчу хенан, цара гойту дар йа хилар къамел дечу хенахь кхочушхилар.<br><br>Ду, Нохчийн меттан де, иза оханан беттан 25-чу дийнахь ду. Дуьххьара нохчийн маттахь газета «Серло» арадаьлла 1923-чу шарахь.<br><br>- Даздийр ду, мероприятешкахь дакъалоцур ду,байташ йоьшур йу.<br><br>- ЙогIучу хенан, дар йа хилар къамел динчул тIаьхьа кхочушхилар гойту.<br><br>- ЙогIу хан.<br><br>Дешархоша шаьш болх бо текстаца.<br><br>Алгоритмаца бо болх.<br><br>Хандешан хан къасторан алгоритм<br><br>1. Хаттар хIоттадо. |

меттигаш. Вай а хийцалур ду! Доьшучо доьшур, бечо болх бер.  Ас керла сайрат схьайоьллур. ТIаккха вевзар со дуьненна а, Iилманча санна.  (Слайд 2)

| Карара хан | Хандош | Хан |
|---|---|---|
| хазл**о** | хазл**ур йу** | йогIу хан |
| хийцал**о** | хийцал**ур ду** | йогIу хан |
| вевз**а** | вевза**р** | йогIу хан |
| схьайоьлл**у** | схьайоьллу**р** | йогIу хан |

(Слайд 5)

**-**Стенах лаьцна йу хIара текст?

- Муьлха дош ду шуна цу тIехь ца девзаш?

-Цу дешан маьIна довзархьама, вай пайдаоьцур муьлхачу интернет-гIирсах»? ([https://ps95.ru/dikdosham/](https://ps95.ru/dikdosham/))

- Сайратах лаьцна дуьйцуш, суна шуна хаийта лаьа дуьнена вевзаш волчу французийн йаздархочо Антуан Сент  де Экзепюрис йаздина туьйра вайн нохчийн йаздархочо Абдулаев Лечас нохчийн матте гочдиний. Ас тIедуьллу шуна иза аьхкенан каникулашкахь дешар. (Слайд 3)

-Ткъа хIинца карарчу хене даха и хандешнаш?

-Стенан тидам бира аш йогIучу хенан хандешнаш схьайаздеш?

2. Ойла йо, маца хуьлуш ду дар.

3. Нагахь санна дар къамел дечу хенахь кхочушхилахь, иза карарчу хенан хандешан кеп йу.

4. Нагахь санна дар къамел дале  кхочушхиллехь, иза йаханчу хенан хандешан кеп йу.

5.  Нагахь санна дар къамел динчул тIаьхьа кхочушхилар гайтахь, иза йогIучу хенан хандешан кеп йу.

-Стагана, пхи шо даьлча,  хила лууш долчух лаьцна.

- Сайрат.

-Дикдошам. Дешархоша дIайаздо шайн тетрадаш тIе цуьнан маьIна.

Толлу шайн болх.

-Цхьадерш цхьана дашах лаьтташ ду, вуьш – шина дашах.

- Цхьалхе, чолхе.

-Ца хаьа.

 Хандешан йогIу хан а, цуьнан кепаш а. ЙогIучу хенан кепаш кхоллар.

| | |
|---|---|
| - Муха цIе йаккха мегар ду цхьана дашах лаьттачарех, шина дашах лаьттачарех?<br><br>- Муьлхачу хандешнех кхоллало йогIучу хенан хандешнаш?<br><br>- ХIинца вай урокехь дийца дезарг билгалдаьккхи. ДIайазйе таханлерчу урокан тема. | |
| **Модуль 1.2. Целеполагание** | |
| **Рекомендации для учителя**<br><br>**-**ХIун Iемар ду вайна хандешан йогIучу хенах лаьцна дуьйцуш урокехь болх бича? (Слайд 6) | **Деятельность ученика**<br><br>**-** Iемар ду йогIучу хенан кепаш нийса кхолла а, йазйан а. |
| | |
| **БЛОК 2. Деятельностный этап.** | |

| |
|---|
| **Модуль 2.1. Актуализация опорных знаний** |

<table>
<tr><th>Рекомендации для учителя</th><th>Деятельность ученика</th></tr>
<tr><td></td><td>-</td></tr>
<tr><td colspan="2">Модуль 2.2. Осуществление учебных действий по освоению нового материала</td></tr>
<tr><td>Шина могIане декъначу хандешнийн башхалла къасторхьама, йоьшур вай Iамат тIера 40-гIа параграф.<br>-ХIун гойту йогIучу хенан хандешнаша?<br>-Маса кеп йу церан? ХIун гойту хIора кепо?<br>-ХIун башхалла йу цу шина кепан?<br>-Хьовса уьна тIера слайде. Йеша. (Слайд 8)
<table>
<tr><td>ЙогIучу хенан хандешнаш кхоллало</td><td>карарчу хенахь долчу хандашна тIе –р кхетарца а, ву, йу, бу, ду гIоьналлин хандешнаш кхетарца а</td><td>вогIу-вогIур, вогIур ву, дуьйцу-дуьйцур, дуьйцур ду</td></tr>
<tr><td></td><td>во, йо, бо, до хандешнийн а, церан гIоьнца кхолладеллачу чолхечу хандешнийн а чаккхенгара - о хила мегачу хенахь – е-не, хин йолчу хенахь ий-не доьрзу</td><td>йо-йер, йийр йу, марзво-марзвер, марзвийр ву, йаздо-йаздер-йазд ийр ду</td></tr>
<tr><td></td><td>чаккхенгахь ло долчу а, цхьана дешдекъахь льтташ долчу а</td><td>Хазло-хазлур, хазлур йу, зоь-зуьйр-зуьйр ву,</td></tr>
</table></td><td>Йоьшу параграф, хаттаршна жоьпаш ло.<br>-Дар йа хилар къамел динчул тIаьхьа кхочушхилар.<br>-Ши кеп. Хин йолу, хила мега.</td></tr>
</table>

| | | |
|---|---|---|
| | хандешнийн чаккхенгара –**о –у**-не**, оь-уь**-не доьрзу | лоь-л**уьйр**-л**уьйр ву** |

| | |
|---|---|
| - Муха кхоллало йогӀучу хенан хандешнаш?<br>**Чекхдаккха жамӀ. (Шимма цхьаьна болх бо)**. **(Слайд 9)**<br>**-** Стеран маӀа тӀехь Ӏийначу мозано баьхна гота аьхна богӀу ша. ХӀун маьӀна ду цу кицанан? Оцу мозо дийриг ца деш, вай муха болх бан беза? Вовшашца лардан дезаш хӀун низам ду?<br><br>Хин йолчу кепан хандешнаша жоп ло хаттаршна________________________________________, уьш кхоллало<br>___________________________________________________<br>___________________________________________________<br>___________________________________________________.<br>Хила мегачу кепан хандешнаша жоп ло хаттаршна_______________________________, уьш кхоллало_________________________________________________<br>________________________________________________________<br>_______________________________________________________.<br>Кхочушдо Ӏамат тӀера шардар 216-гӀа, хандешнех йогӀучу хенан шина а кепара хандешнаш кхуллу.<br>-Болх кхочушбеш, вай пайдаэца беза алгоритмах. | - Ша хӀумма а ца динехь а, латта аьхна схьабогӀу аьлла мозано.  Дешархоша шаьш йешначун жамӀ до.<br>-ХӀораммо а дакъалаца деза, вовшашка ладогӀа деза, гӀиллакхе хила веза.<br><br>Кхочушдо 216-гӀа шарадар.<br><br>Дешархоша уьна тӀехь кхочушдо шардар.<br><br>- Гацаев С., Чкъоьрдиг, кхоьруш вара. |

<table>
<tr><td>-ГIелделлий шу? Цхьажимма садоIур ду вай. ДагадогIий шуна Чкьоьрдигах лаьцна долу туьйра? Мила вара цуьнан автор? Коьрта турпалхо мила вара? Муха вара иза? Ткъа иштта ца хила, вай физминутка йийр йу.<br>СадаIаран минот.<br>Чкъоьрдиг<br>Чкъоьрдиг лакха озавели,<br>Цкъа дIасатехки, шозза техки,<br>Куьйгаш дIасадахийти,<br>ХIинца цуьнгахь гIора ду,<br>Цо шен хIусам ларйийр йу!</td><td></td></tr>
<tr><td></td><td></td></tr>
<tr><td colspan="2">БЛОК 3. Рефлексивно-оценочный этап. Подведение итогов, домашнее задание</td></tr>
<tr><td colspan="2">Модуль 3.1. Самооценивание, рефлексия</td></tr>
<tr><td>Рекомендации для учителя</td><td>Деятельность ученика</td></tr>
<tr><td>Къовларш йукъара хандешнаш, йогIучу хене а дохуш, дIайазде. Къастайе йаздинчу хандешнийн йогIучу хенан кеп.<br>I вариант<br>1. Бух боцу шелиг хих (ца дузу)__________.<br>Кеп:_________________<br>2. Долчун хама бахь, дерг (совдолу)____________.<br>Кеп:_________________<br>3. КIелахь гIура йоцуш, Iам тIехь ша (ца бо)___________.</td><td>Дешархоша кхочушдо тIедахкарш.<br><br>Дешархоша шаьш таллам бо хьалххе йийцаре йиначу критерешца.<br>(маххадоран лист) (слайд )</td></tr>
</table>

| | |
|---|---|
| Кеп:__________________<br><br>4. Кестта (денло) ___________ас дІадийна зезаг.<br><br>Кеп:__________________<br>5. КІирандийнахь (вогІу) ___________аьлла, дІавахара сан доттагІ.<br>Кеп:__________________<br><br>2 вариант<br>1. Сакхт доцуш доттагІ лаца хьо гІортахь, и воцуш (вуьсу)_____________ хьо.<br>Кеп:__________________<br>2. Даима эхарх хи (ца кхачало)______________.<br>Кеп:__________________<br>3. Шен ненан сий лардечо Даймехкан сий а (лардо)______________.<br>Кеп:__________________<br>4. ЦІена машен (оьцу) _____________аьлла, шениг дІайоьхкира дадас.<br>Кеп:__________________<br>5. Кхана (йуьйцу) ас Іамийна стихотворени.<br>Кеп:__________________ (Слайд II) | |
| **Модуль 3.2. Оценивание результатов урока. Домашнее задание** | |
| **Рекомендации для учителя** | **Деятельность ученика** |

| | |
|---|---|
| ✔ Урокан жамIийн маххадор<br>Хьехархочо дешархойн жамIийн мах хадабо цаьрца йийцаре йинчу критерешца, отметкаш дIайохку.<br>✔ Дешаран белхан рефлекси<br>Дешархоша шаьш бинчу белхан мах хадабо.<br>-Хандешан муьлха хан йийци вай тахана?<br>- ХIун хии вайна?<br>- ХIун девзи?<br>- ХIун ца нисдели? Хало мичахь йара? (Слайд 13)<br><br>✔ ЦI/Б, инструктаж (Слайд 14 )<br>1. Кхочушде 2I6-гIа шардар. Хандешнаш йогIучу хенан кепашка дерзаде.<br>2. Белхан тетрадь тIера 98-гIа шардар кхочушде. ТIейуза таблица.<br>3. ТIедогIучу Нохчийн меттан денна леринчу мероприятешкахь шаьш хIун дакъа лоцур ду дуьйцуш, жима дийцар хIоттаде. Пайдаэца йогIучу хенан хандешнех (70 дош). | ✔ Шайн белхан мах хадабо.<br><br>✔ ДIайазбо цIахь бан беза болх. |